

BAB III MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun métodeu ékspérimén kalayan pamarekan kuantitatif lantaran analisis datana ngagunakeun ukuran data kuantitatif. Nurutkeun Sugiyono (2022, kc. 72), métodeu ékspérimén nyaéta métodeu panalungtikan anu digunakeun pikeun mikanyaho pangaruh hiji perlakuan kana hiji hal dina kaayaan dikontrol. Hartina dina ieu panalungtikan téh aya dua variabel variabel bébas jeung variabel kauger, variabel bébas minangka perlakuan sarta variabel kauger minangka hasil.

Dina prak-prakanana, métodeu ékspérimén ngabandingkeun hasil diajar tatakrama basa Sunda di kelas ékspérimén anu ngagunakeun stratégi pangajaran diférénsiasi jeung di kelas kontrol anu teu ngagunakeun stratégi pangajaran diférénsiasi. Ieu métodeu pikeun ngukur éféktivitas pangajaran diférénsiasi pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII.

Ieu panalungtikan ngagunakeun desain *pretest-posttest control group design*. *Pretest* dilaksanakeun di kelas ékspérimén jeung di kelas kontrol pikeun mikanyaho kamampuh awal peserta didik, perlakuan dilaksanakeun di kelas ékspérimén ku cara ngalarapkeun stratégi pangajaran diférénsiasi dina pangajaran tatakrama basa Sunda, sedengkeun di kelas kontrol teu ngalarapkeun stratégi pangajaran diférénsiasi dina pangajaran tatakrama basa Sunda. *Posttest* dilaksanakeun di kelas ékspérimén jeung di kelas kontrol sanggeus dilaksanakeun *treatment*. Ieu desain panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.

Tabél 3.1

Desain Panalungtikan

Kelas	<i>Pretest</i>	<i>Treatment</i>	<i>Posttest</i>
R ₁	O ₁	X	O _a
R ₂	O ₂	-	O _b

(Sugiyono, 2022, kc. 76)

Keterangan:

- R_1 = Sampel kelas éksperimen
 R_2 = Sampel kelas kontrol
 O_1 = Tes awal (*pretest*) kelas eksperimen saméméh dibéré perlakuan
 O_2 = Tés awal (*pretest*) kelas kontrol saméméh dibéré perlakuan
 X = Perlakuan dina pangajaran diférensiasi
 - = Teu ngagunakeun perlakuan dina pangajaran konvénsional
 O_a = Tés ahir (*posttest*) kelas éksperimen
 O_b = Tés ahir (*posttest*) kelas kontrol

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMPN 1 Pangandaran, alamatna di Jalan Merdeka No 321, Kecamatan Pangandaran, Kabupatén Pangandaran, Jawa Barat. Alamat situs internetna www.smpn1pangandaran.co.id. Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas VII-K pikeun kelas éksperimén jeung kelas VII-E pikeun kelas kontrol. Kalayan rincianna ditétélakeun dina tabél 3.2 ieu di handap.


Tabél 3.2

Siswa kelas VII-K & VII-E SMPN 1 Pangandaran

Kelas	Jumlah lalaki	Jumlah awéwé	Jumlah siswa	Keterangan
VII-K	15	17	32	kelas éksperimén
VII-E	15	17	32	kelas kontrol
Jumlah	30	34	64	

3.3 Prosedur/Alur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah kagiatan anu dilaksanakeun ku panalungtik pikeun nyangking tujuan, hasil, jeung kacindekan sacara nyusun atawa *sistematis*. Pamarekanana ngagunakeun pamarekan kuantitatif kalayan métodeu éksperimén murni (*true experimental design*), desain anu dipaké *pretest-posttest control group design*. Prosedur panalungtikan baris didadarkeun dina bagan 3.1.



3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik tés jeung téhnik angkét. Téhnik tés dilaksanakeun saméméh (*pretest*) jeung sanggeus (*posttest*) pangajaran ka kelas ékspérimén jeung ka kelas kontrol. Tujuan tés awal (*pretest*) dilakukeun ka kelas ékspérimén pikeun ngukur kamampuh pangaweruh dasar siswa kana tatakrama basa Sunda saacan ngagunakeun stratégi pangajaran diférensiasi. Tés ahir (*posttest*) dilakukeun pikeun ngukur kamampuh pangaweruh tatakrama basa Sunda siswa sanggeus ngagunakeun stratégi pangajaran diférensiasi. Kitu ogé, tujuan tés awal (*pretest*) dilakukeun di kelas kontrol pikeun ngukur kamampuh pangaweruh dasar siswa kana tatakrama basa Sunda, ari tés ahir (*posttest*) dilakukeun pikeun ngukur kamampuh pangaweruh tatakrama basa Sunda siswa tanpa ngaliwatan perlakuan nanaon atawa maké pangajaran konvénsional.

Téhnik angkét gunana pikeun ngaguar kumaha kaayaan peserta didik sanggeus dilarapkeunana stratégi pangajaran diférensiasi dina matéri ajar tatakrama basa Sunda. Kulantaran stratégi pangajaran diférensiasi kawilang perkara anyar dina pangajaran basa Sunda, mangka angkét anu disusun sipatna *tertutup*. Siswa ngan dipaparin pilihan jawaban “*enya*” atawa “*henteu*”, bisa ogé “*satuju kacida*”, “*satuju*”, “*kurang satuju*”, atawa “*henteu satuju*” (Sugiyono, 2022, kc. 143)

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyoko kana alat nu dipaké pikeun ngumpulkeun data. Arikunto (2010:203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih babari sarta hasilna ogé leuwih taliti, lengkep jeung sistematis anu balukarna data babari diolah. Nurutkeun Ruseffendi (2010:117) aya dua wangun tés pikeun ngumpulkeun data panalungtikan kuantitatif, nyaéta tés éséy jeung tés obyéktif. Instrumén nu dipaké pikeun ngukur kamampuh siswa dina ngagunakeun tatakrama basa Sunda nyaéta wangun tés obyéktif ngelompokkeun kecap kana basa lemes jeung basa loma kalawan jumlah 20 soal, ari wangun tés éséy jumlahna 10 soal. Pananya éséy ngawengku ngalarapkeun kecap kana kalimah, ngalemeskeun kalimah, jeung nyieun kalimah maké basa lemes. Kisi-kisi soal katut instrumén panalungtikan diunggelkeun dina tabél 3.3.

Tabél 3.3

Kisi-Kisi Soal Kaweruh Ngalarapkeun Tatakrama Basa Sunda

No	Aspék	No Soal	Jumlah	Wangun Soal
1	Basa loma	1, 5, 6, 8, 10, 18, 19	7	Obyéktif
		21, 23	2	Ésély
2	Basa lemes keur sorangan	2, 4, 7, 9, 12, 22, 25, 27, 29, 30	5	Obyéktif
			5	Ésély
3	Basa lemes keur ka batur	3, 11, 13, 14, 15, 16, 17, 20	8	Obyéktif
		24, 26, 28	3	Ésély

Tabél 3.4

Instrumén Panalungtikan

A. Perhatikeun paguneman ieu di handap! Pék kelompokeun kecap-kecap anu dicondongkeun kana kolom anu geus disadiakeun dumasar ragam basana!				
No	Paguneman	Jawaban		
		Basa Loma	Basa Lemes keur sorangan	Basa Lemes keur ka batur
1	Pa Yana: Barudak, maranéh <i>nyaho</i> teu minggu kamari di pantai aya parahu wisata nu titeuleum?			
2	Latif : Muhun Pa, abdi <i>terang</i> . Éta téh rombongan ti Cimahi saurna pa.			
3	Rio : Pa Yana nembé <i>uninga</i> ? Apanan ti kamari tos seueur wartana dina Tiktok.			
4	Intan : Bapa permios, abdi widi ka kantin bade <i>mésér</i> pulpén			
5	Wildan: Intan, urang <i>mihapé</i> pulpén sakalian, duitna ti manéh heula.			
6	Pa Yana : Euh, si Wildan mah geus mah <i>nitah</i> , nganjuk deuih.			
7	Reni : Assalamu'alaikum, punten Pa abdi <i>dongkap</i> kasiangan.			

No	Paguneman	Jawaban		
		Basa Loma	Basa Lemes keur sorangan	Basa Lemes keur ka batur
8	Pa Yana : Wa'alaikumussalam, mangga lebet. Kunaon karék datang Néng téh?			
9	Reni : Nembé ngabantun heula pesenan lauk ka palabuhan.			
10	Pa Yana : Mawa pesenan jang saha ka sakola?			
11	Reni : Kagungan ibu kantin Pa.			
12	Pa Yana : Heug atuh, sok ayeuna mah diuk .			
13	Azzam : Ibu kamari ameng ka basisir, nya?			
14	Bu Sopy : Enya, ibu tepatang sareng tuang ibu.			
15	Azzam : Muhun, saurna ibu ngagaleuh kalapa di warung bibi.			
16	Bu Sopy : Cenah sok ngiring icalan, Azzam téh?			
17	Azzam : Muhun bu upami nuju peré sakola.			
18	Bu Sopy: Bagéan babantu naon Azzam di warung?			
19	Azzam: Masih cai nginum ka nu mésér bu.			
20	Azzam : Sareng nyandakan wadah kotor tilas tuang .			

B. Pék eusian ieu soal éséy di handap luyu jeung paréntahna!

Larapkeun kana kalimah ieu kecap-kecap di handap.

21. Diuk =

22. Calik =

23. Hampura =

24. Hapunten =

Pék lemeskeun ieu kalimah di handap!

25. Baheula can aya hapé balik sakola téh ulin jeung babaturan di buruan.

26. Dudi poé ayeuna teu sakola kusabab bapana gering di Rumah Sakit kamari labuh di WC cenah.

27. Taun hareup uing hayang miluan pasanggiri sajak sugan wé aya bakat terus jadi juara tingkat provinsi.

Lengkepan ku kalimah maké basa lemes ieu paguneman di handap!

28. Y :

Z : Abdi badé teras wangsul ka rorompok.

29. A : Kunaon hidep milih sakola ka SMPN 1 Pangandaran?

B :

30. Y : Cing jéntrékeun cara hidep ménta idin ka kolot nalika hayang milu karyawisata ka Bandung tapi kondisina harita kolot can boga duit.

Z :

3.6 Téhnik Analisis Data

Analisis data dilakukeun sanggeus kabéh data bérés dikumpulkeun. Téhnik analisis data maké pamarekan statistik. Tujuanana pikeun ngajawab rumusan masalah jeung nguji hipotésis. Tahap-tahap nu digunakeun dina nganalisis data didadarkeun ieu di handap.

- a. Data nu diolah nyaéta data anu dikumpulkeun ku cara *pretest* jeung *posttest* anu dilaksanakeun ka kelas ékspérimén jeung kelas kontrol siswa kelas VII SMPN 1 Pangandaran.
- b. Méré peunteun dumasar kana babandingan bobot soal obyéktof jeung soal éséy 60:40, lantaran soal obyéktof leuwih loba jumlahna katut merlukeun pangaweruh anu euyeub. Kitu ogé soal éséy merlukeun pamahaman jeung kaparigelan anu teu saeutik.
- c. Pikeun skor soal obyéktof unggal jawaban bener meunang skor 1, sedengkeun salah meunang skor 0. Jumlah soal obyéktof 20. Mangka skor maksimal soal obyéktof 20. Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi peunteun soal obyéktof kalayan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum \text{skor siswa}}{\sum \text{skor maksimal}} \times 60$$

Keterangan:

P : Peunteun

\sum skor siswa : Jumlah skor siswa

\sum skor maksimal : Jumlah skor maksimal

- d. Pikeun skor soal éséy unggal jawaban bener meunang skor maksimal luyu jeung tingkat héséna soal. Jumlah soal éséy aya 10. Cara ngitungna ébréh dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.5

Kritéria Meunteun Soal Éséy

No	Aspék nu dipeunteun	Indikator	Nomer soal	Skor Soal	Jumlah Skor Soal
1	Aspék basa	Siswa bisa ngalarapkeun kecap kana kalimah	1, 2, 3, 4	3	12
		Siswa bisa ngarobah kalimah kana basa lemes	5, 6, 7	4	12
		Siswa bisa nyieun kalimah maké basa lemes	8, 9, 10	5	15
Jumlah soal : 10					39

Tabél 3.6

Skala Skor Tingkat Héséna Soal Éséy

No	Aspék	Tingkat kahéséan	Skor	Kritéria
1	Basa	Gampang	1	Kurang : euweuh jawaban anu bener
			2	Sedeng : jawaban bener jeung salah kurang leuwih saimbang
			3	Hadé : euweuh jawaban anu salah
		Sedeng	1	Kurang : euweuh jawaban anu bener
			2	Sedeng : jawaban salah jeung bener saimbang

No	Aspék	Tingkat kahéséan	Skor	Kritéria
			3	Hadé : saeutik jawaban anu salah
			4	Hadé pisan : euweuh jawaban anu salah
		Hésé	1	Kurang pisan : euweuh pisan jawaban anu bener
			2	Kurang : loba jawaban anu salah
			3	Sedeng : jawaban salah jeung bener kurang leuwih saimbang
			4	Hadé : saeutik jawaban anu salah
			5	Hadé pisan : euweuh jawaban anu salah

Dumasar kana kritéria meunteun soal éséy di luhur, skor maksimal siswa nyaéta 39. Skor anu kahontal ku siswa dirobah jadi peunteun soal éséy kalayan ngagunakeun rumus :

$$P = \frac{\sum skor siswa}{\sum skor maksimal} \times 40$$

Keterangan:

P : Peunteun

\sum skor siswa : Jumlah skor siswa

\sum skor maksimal : Jumlah skor maksimal

- e. Peunteun maksimal siswa soal obyékif 60, sarta peunteun maksimal siswa soal éséy 40. Jadi peunteun ahir tés kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda diitung kalawan rumus:

$$peunteun siswa = peunteun obyékif + peunteun éséy$$

Tabél 3.7

Rubrik Penilaian Kaweruh Ngalarapkeun Tatakrama Basa Sunda

Katégori	Nilai	Indikator
Hadé pisan	90 – 100	Saeutik pisan jawaban anu salah
Hadé	80 – 89	Saeutik jawaban anu salah
Cukup	70 – 79	Jawaban salah jeung bener méh sarua jumlahna
Kurang	50 – 69	Saeutik jawaban bener, loba anu salah
Kurang pisan	0 – 49	Loba pisan jawaban anu salah

- f. Sanggeus meunteun, léngkah nu satuluyna nyaéta ngasupkeun data skor *pretest* jeung *posttest* kana ieu tabél di handap.

Tabél 3.8

Format Peunteun

No	Kamampuh Ngagunakeun Tatakrama Basa Sunda		Nilai	Katégori
	A	B		

Katerangan:

A : peunteun obyékif

B : peunteun éséy

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji hipotésis. Data kuantitatif dina ieu panalungtikan dianalisis maké *software IBM SPSS Statistic* versi 24. Dina input anu baris dianalisis téh nyaéta hasil *pretest* jeung *posttest* kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda di kelas ékspérimén saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi pangajaran diférensiasi, ogé *pretest* jeung *posttest* kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda di kelas kontrol saméméh jeung sanggeus ngagunakeun pangajaran konvensional, sarta indéks gain anu baris dijéntrékeun dina *output* hasil analisis SPSS.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nyaéta uji sipat data anu fungsina pikeun mikanyaho normal henteuna data anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Nurutkeun Sugiyono (2022:149) yén hiji data miboga distribusi normal nalika jumlah data ti mimiti di luhur nepi ka handap miboga rata-rata anu sarua. Kitu ogé, simpangan bakuna. Chen (1968) ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* nalika sampelna kurang ti 50 ($N < 50$). Sedengkeun nalika data sampelna leuwih ti 50 ($N > 50$), maké uji *Kolmogorov-Smirnov*. Dina ieu panalungtikan digunakeun uji normalitas uji *Shapiro-Wilk* sabab sampelna aya 32 siswa. Hipotésis pikeun uji normalitas saperti ieu di handap.

H_a : distribusi normal

H_0 : distribusi data teu normal

Kritéria pikeun nguji data saperti ieu di handap.

H_a ditarima, lamun nilai sig (signifikansi) $\geq 0,05$

H_0 ditarima, lamun nilai sig (signifikansi) $\leq 0,05$

3.6.1.2 Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilaksanakeun pikeun mikanyaho data sampel tina populasi nu sarua téh datana homogén atawa henteu. Hipotésisna dina nguji homogénitas saperti ieu di handap.

H_a : varian sampel teu homogén

H_0 : varian sampel homogén

Ieu panalungtikan ngagunakeun uji homogénitas *Lavene* kalawan taraf signifikansi 5% ($\alpha = 0,05$). Anapon kritéria pikeun ngujina saperti ieu di handap.

H_a ditarima, lamun nilai sig (signifikansi) $< 0,05$

H_0 ditarima, lamun nilai sig (signifikansi) $> 0,05$

3.6.1.3 Uji Hipotésis

Uji hipotésis data pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis dina ieu panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun uji hipoésis maké *software IBM SPSS (Statistical Product and Service Soution) versi 24*. Hasil data nu uji distribusina normal, nangtukeun hipotésisna maké *statistic paramétris* kalawan

ngagunakeun *t-test*. Lamun datana teu normal, nguji hipotésisna ngagunakeun hipotésis non-paramétris ku *Wilcoxon match pair test*.

Kritéria pikeun nangtukeun ditarima atawa henteuna hipotésis nyaéta saperti ieu di handap.

H_a : Aya béda anu signifikan ngaronjatna kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran anu ngagunakeun stratégi pangajaran diférensiasi jeung anu ngagunakeun stratégi pangajaran konvensional.

H_0 : Teu aya béda anu signifikan ngaronjatna kaweruh ngalarapkeun tatakrama basa Sunda siswa kelas VII SMP Negeri 1 Pangandaran anu ngagunakeun strategi pangajaran diférensiasi jeung anu ngagunakeun strategi pangajaran konvensional.